

V. Urudandaza rw'abaja

Itegeko ry'Umwami aganza – 1 Mukakaro 1891.....	441
Amasezerano – 25 Nyakanga 1926.....	442
Itegeko rya Ruanda-Urundi – n° 28/128 – 28 Ntwarante 1923.....	442

1 Mukakaro 1891. – ITEGEKO RY'UMWAMI AGANZA – Urudandaza rw'abaja.

(I.I.K.M., 1891, p. 1441)

Ryashizwe mu ngiro mu Uburundi n'Itegeko rya Leta mbili ryo ku wa 10 Ruheshi 1929.

Menya neza

Ukugira umuntu umuza canke ikidandazwa kurashobora kuba icaha ukwaco nk'uko gitomowe kandi kigahanwa n'ingingo ya 172 y'Igitabu c'amategeko mpanavyaha co mu 1981 gisubiramwo amajambo akoreshwa mu ngingo ya 68 y'Itegeko rya Leta mbili ryo kw'igenekerezo rya 30 Nzero 1940 ryerekeye Igitabu c'amategeko mpanavyaha, cagizwe ibwirizwa mu Burundi n'Itegeko rya Ruanda-Urundi n° 4/Just. ryo ku wa 18 Rusama 1940. Kurashobora kuba icaha c'agahomerabunwa mu gihe kiba gikozwe m'umugambi wo gutera abantu bose ata n'umwe akuwemwo, ugutera kurondera abanyagihugu basanzwe kandi uwukoze ico caha akaba yari asanzwe aza ico gitero kandi kurashobora kuba n'icaha co mu ntambara mu gihe haba hari intambara kandi icaha kikaba gifitaniye isano n'iyi ntambara (Amategeko ngenderwako ya Sentare mpuzamakungu, ingingo ya 7.1 (g) yemejwe n'Uburundi mw'ibwirizwa n° 1/011 ryo ku wa 30 Myandangaro 2003, insiguro yakoreshejwe n'ibwirizwa n° 1/04 ryo ku wa 8 Rusama 2003 rihana icaha c'ihonyabwoko, ivyaha vy'agahomerabunwa n'ivyaha vyo mu ntambara).

GUFATA ABAJA

Ingingo ya 1

Umuntu uwo ari we wese azoba yafashe umuntu uwo ariwe wese mu ntumbero yo kumugurisha canke ku mugira umuza, akoresheje inguvu, urwenge canke iterabwoba, azohanishwa umunyoro uva ku mwaka gushika ku myaka itanu hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga amajana atanu gushika ku bihumbi bibiri.

Menya neza

Ni ukwisunga ingingo ya 172 y'Igitabu c'amategeko mpanavyaha kivugwa aho hejuru, mu gusoma canke mu gusigura hamwe izo ngingo zibiri.

Ingingo ya 2

Ugufata abaja bigirwa 'abantu bari mu murwi kandi bitwaje ibirwanisho bihanishwa igihano co kwicwa canke c'umunyoro w'ubuzima bwose.

URUDANDAZA RW'ABAJA

Ingingo ya 3

Umuntu uwo ariwe wese azoba yakoze igikorwa co kudandaza abaja azohanishwa umunyoro uva ku mezi atandatu gushika ku myaka itatu hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga 200 gushika ku bihumbi bibiri 2.000.

Ingingo ya 4

Umuntu uwo ariwe wese azoba, abizi kandi abishaka, yashoye canke yatwaye umuza umwe canke benshi, bafashwe ku nguvu canke baguzwe, azohanishwa umunyoro uva ku mezi atatu gushika ku myaka itatu hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga 100 gushika ku 1.000.

Ingingo ya 5

Umuntu uwo ari we wese azoja mu bantu bakora nk'iminsi yose ibikorwa bitegekanijwe mu ngingo za 3 na 4, azohanishwa

nk'umudandaza w'abaja, umunyoro uva ku myaka itanu gushika ku myaka icumi hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga 1.000 gushika ku 5.000.

ABATANGA AMAFARANGA KU MASHIRAHAMWE ADANDAZA ABAJA

Ingingo ya 6

Umuntu uwo ari we wese azoba yafashije abizi kandi abishaka nk'uwutanga amafaranga kw'ishirahamwe rifise intumbero yo kudandaza canke yo gukora ibikorwa vyo gutanga abaja baja kudandazwa, azohanwa nka nyene iryo shirahamwe.

ABANYEGEZA ABAJA BADANDAZWA

Ingingo ya 7

Umuntu uwo ari we wese azoba, abizi kandi abishaka, yanyegeje umwe canke abaja benshi bafashwe ku nguvu canke bo kudandazwa, azohanishwa umunyoro uva ku mezi atatu gushika ku mwaka umwe hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga 100 gushika ku mafaranga 500, canke kimwe gusa muri ivyo bihano.

KWIYITIRIRA IBENDERA RY'UBWATO BW'IGIHUGU MU NTUMBERO YO KUYIKORESHA MU RUDANDAZA RW'ABAJA

Ingingo ya 8

Ibihano bitegekanywa n'ingingo ya 13 y'Itegeko ryo ku wa 25 Ruhuhuma 1886 ku wurongoye ubwato bugendera mu mazi bukoresha ibendera ry'igihugu adafise urwandiko rw'ukuri rwemeza ko afise uruhusha rwo gukoresha iryo bendera mu mazi, birashobora kugwizwa na kabiri ku gihano kinini ca nyuma gishinzwe n'iyi ngingo ibendera ryiyitiriye ku nguvu mu ntumbero yo kurikoresha mu rudandaza rw'abaja canke mu bikorwa vyo kurondera no gutanga abaja badandazwa.

ISHIRAHAMWE RISHINZWE MU NTUMBERO YO GUKORA URUDANDAZA RW'ABAJA

Ingingo ya 9

Ishirahamwe ryose rishinzwe mu ntumbero yo gukora urudandaza rw'abaja canke yo kurondera no gutanga abaja badandazwa ni icaha kibaho kubera uko gutunganya uwo murwi kwo nyene.

Umukuru w'uwo murwi n'abandi bose bazoba bawuranyemwo akazi ko kurongora abandi ako ari ko kose, babizi kandi babishaka, bazohanishwa umunyoro uva ku mwaka umwe gushika ku myaka itanu hamwe n'ihadabu riva ku mafaranga 100 gushika ku 1.000.

Abandi bantu bose bari muri uwo murwi, bazi ico ukora kandi babishaka, bazohanishwa umunyoro uva ku kwezi kumwe gushika ku myaka ibiri hamwe n'ihadabu ry'amafaranga ava kuri 50 gushika ku 200.

IKORESHA RY'INGUVU KU BASHUMBA BASUBIJWE UMWIDEGEMVYO

Ingingo ya 10

Umuntu uwo ari we wese azoba yakoresheje ubusuma canke inguvu kugirango yake amakete y'umushumba amububira uburenganzira bwo kwidegemvya, canke kugirango amwake uburenganzira bwo kwidegemvya, azofatwa nk'umudandaza w'abaja yongere ahanishwe ibihano bishinzwe n'ingingo ya 5.

GUCA IBIHIMBA VY'UMUBIRI UMUGABO N'UMWANA W'UMUHUNGU NO GUSINZIKAZA UMUBIRI W'UMUNTU

Ingingo ya 11

Icaha co gukora umuntu gihanishwa ibihano bitegekaniye n'ingingo ya 11, agahimba ka 2 k'igitabu c'amategako mpanavyaha kandi hisunzwe itandukanya rishinzwe n'iyi ngingo nyene.

Menya neza

Ibitegekaniye mu ngingo ya 11 y'itegeko-bwirizwa ry'Umwami aganza ryo ku wa 27 Ndamukiza 1889 ryerekeye iringaniza ukundi gusha ry'amasentare birakoreshe, ubwa mbere, n'ingingo ya 67 y'igitabu c'amategako mpanavyaha co ku wa 30 Nzero 1940, bigakoreshe mu nyuma n'ingingo ya 171 y'igitabu c'amategako mpanavyaha co ku wa 4 Ndamukiza 1981.

Ingingo ya 12

Ibikorwa vyo gusinzikaza umubiri w'umuntu bikorerwa abaja, bigakorwa n'abakoze ivyaha bitegekaniye aha hejuru, bizohanzwa navyo nyene hisunzwe ingingo ya 11, agahimba ka 2 y'igitabu c'amategako mpanavyaha.

Menya neza

Raba ivyamenyeshejwe muni y'ingingo ihurikiweko.

UKUJA MU BAKORA IVYAHA N'AMAKOSA VYEREKEYE URUDANDA RW'ABAJA

Ingingo ya 13

Kiretse ingingo zidasanzwe zishinga ibindi bihano, abakoranye ivyaha bitandukanye n'ababakingiye ikibaba bavugwa aha hejuru, bazohanzwa uku gukwirikirira :

– abafashije, bahanishwa ibihano bitegekaniye n'ibwirizwa ku bantu bakoze icaha ;

– abakingiye ikibaba, bahanishwa igihano kidashobora kurenga ica kabiri c'igihano bari guhanishwa iyo baba aribo nyene bakoze icaha.

Mu gihe igihano gitegekaniye n'ibwirizwa ari ico kwicwa canke ico gupfungwa ubuzima bwose, igihano gikwirikizwa ku bakingiye ikibaba kizoba umunyororo uva ku myaka icumi gushika ku myaka mirongo ibiri.

IKWIRIKIRANWA N'ICIBWA RY'IMANZA Z'IVYAHA BITEGEKANIJE N'IRI TEGEKO

Ingingo ya 14

(Ntaco ikimaze)

Ingingo ya 15

Hakwirikijwe ihindurwa ryabaye mw'itegeko rya Leta mbili ryo ku wa 12 Ndamukiza 1886 ku vyerekeye uruhusha rwo gushoka ku muntu apfunzwe, umunyamahanga wo mu gihugu gikomeye cashize umukono k'urwandiko rusangi rwateguwe n'Inama y'i Buruseri, azoba yakoreye icaha mu kindi gihugu

gitegekaniye n'iri tegeko kandi azoba yafatiwe ku gataka k'ikindi gihugu, azoca ahagarikwa n'abategetsi b'ico gihugu babifitiye ububasha, bafatiye ku nzandiko z'itohoza ryagizwe n'abategetsi b'ico gihugu kindi babonye ico caha, canke ku kindi cemezo cose c'uko yakozwe icaha, kandi azoca ashirwa ahantu amasentare abifitiye ububasha ashobora kumutora kugirango amucire urubanza ata bindi bintu bisabwe gukwirikizwa, hakwirikijwe amategako yemewe mu vyerekeye ukurungikira ikindi gihugu umuntu yagikoreyemwo icaha kugirango acirwe urubanza canke ahabwe igihano.

Ingingo ya 16

Umunyekongo yakoreye icaha gitegekaniye n'iri tegeko mu kindi gihugu, akaba yatowe ku gataka ka Leta ya Kongo aguma agengwa na Sentare y'igihugu, kandi azokwirikiranwa yongere acirwe urubanza hakwirikijwe ibwirizwa ry'igihugu ca Kongo.

INGWATI ITEGEKWA KUBERA IVYAHA BITEGEKANIJE N'URWANDIKO RUSANGI RWATEGUWE N'INAMA Y'I BURUSERI

Ingingo ya 17

Hisunzwe ibitegekaniye mu ngingo ya 19, § 2, y'urwandiko rukuru rwateguwe n'Inama y'i Buruseri, umuntu azoba yarahanywe, mu gihugu canke hanze kubera icaha gitegekaniye muri uru rwandiko rukuru, azobanza, imbere yo gutangura igikorwa c'urudandazwa mu ntara zikidandazwamwo abaja, gutanga ingwati, ifatiro ryayo n'ibisabwa bigashingwa mu nyuma na twebe.

Menya neza

« Urwandiko rukuru rwateguwe n'Inama nkuru y'i Buruseri » bisigura urwandiko rukuru rw'Inama y'i Buruseri yo ku wa 2 Mukakaro 1890 yerekeye gukuraho kudandaza abaja muri Afrika nkuko vyasubiwemwo n'amasezerano y'i Saint-Germain-en-Laye yo muri 1919.

25 Nyakanga 1926. – AMASEZERANO yerekeye ubuja.

Yemejwe n'ibwirizwa ry'ababirigi ku wa 18 Mukakaro 1927 (*Igitabu c'ibitegekwa mu Bubiliigi* co ku wa 28 Gitugutu 1927, p. 4848).

Uburundi ntibwemeje neza ayo masezerano, mugabo ingingo ya 68 y'igitabu c'amategako mpanavyaha yerekeye ubuja ni yo fatiro.

Raba itangazo ryo ku wa 26 Ruheshi 1964 ryerekeye imigenderanire n'amakungu.

28 Ntwarante 1923. – ITEGEKO RYA RUANDA-URUNDI n° 28/128 – Ifutwa y'ubuja bw'abakozi bo mu nzu.

(I.I.R.U., n° 4, p. 29)

1. Ubuja bw'abakozi bo mu nzu burafuswe mu karere kose k'Uburundi (n'Uruanda).

2. Umuntu wese azokoresha uburyo ubwaribwo bwose kugira afate umunyagihugu nk'umuja canke akamugumiza uko azohamishwa umunyororo w'umwaka umwe gushika ku myaka itanu.

3. Abatware *gikoloni* bo mu Burundi [no mu Ruanda] niba bajewe gushira mu ngiro iri tegeko ritangura gukurikizwa ubwo nyene.